



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
SÈJAN KONTE GENESEE KI MOURI**

Drapo yo ap flote ansanm a demi ma nan 16 mas

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande pou drapo sou tout bilding eta yo flote a demi ma depi nan solèy leve jiska solèy kouche nan 16 mas nan onè Sèjan Thomas A. Sanfratello nan Konte Genesee ki mouri. Sèjan Sanfratello te sèvi tou kòm Manm Konsèy pou Vil Alexander. Aksyon komemoratif sa a ap fèt an menm tan ak lòd pou mete drapo yo a demi ma ki deja anplas pou onore Manm Gad Nasyonal New York Casey Frankoski ak John Grassia, ki te mouri pandan yon deplwaman federal nan fwontyè sid la.

"Soti nan Komisyon Konsèy Vil la rive nan Biwo Cherif la, Sèjan Thomas A. Sanfratello te dedye lavi l pou amelyore lavi vwazen li yo ak pwoteje kominote li a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Panse mwen ale jwenn fanmi sèjan Sanfratello ak pwòch li yo. Se pou kouraj li te montre pandan tout lavi sèvis la vin yon konfò pou moun li kite dèyè yo."

Nan dat 10 mas 2024, Sèjan Sanfratello te mouri nan egzèsis fonksyon li nan Batavia, NY. Sèjan Sanfratello ki soti nan Batavia, te sèvi nan lapolis pandan plis pase de deseni. Li kite nan dèy manman l, Dorothy; pitit li yo, Ian, Kyla ak Alexis; ak anpil lòt fanmi ak zanmi.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)